

Jou y ap kòmanse an reta nan Lekòl Piblik Somerville yo

Nan ki kondisyon nou ka komanse jounen an pita? Meteyo ak tanperati ase bagay ki enprevisib. Nou pral sèvi ak pi bon jijman nou an ki baze sou revizyon souvan nan NOAA prediksyon pou detèmine si kondisyon yo dwe amelyore net pandan tout res jounen an, konsa opsyon pou kòmanse pi ta a solid epi san danje.

Ki lè epi ki jan n ap fè paran/gadò yo konnen yon jou n ap kòmanse pi ta yo? Menm jan lè nou fèmen lekòl tout jounen akòz move tan yo, nou pwal fè tout posib pou nou fè paran/gadò yo konnen jou n ap kòmanse pi ta depi 7:00 tè diswa nan lavèy jou a. Nou menm nou pa ka ba w garanti ke n ap toujou gen enfòmasyon nesèsè yo pou nou ka alèz ase pou nou pran yon desizyon a lè sa a. Tankou jan nou te note anvan an, kalite move tan yo ka enprevizib, pou nou menm, sa ki pi enpòtan an se sekirite.

Paran/gado ak manm pèsònèl o yap resevwa enfòmasyon sou jou n ap kòmanse pi ta yo atravè apel robo ak kourye elektwonik. Epi tou n ap afiche jou n ap kòmanse pi ta yo sou sit entènèt nou an (www.somerville.k12.ma.us), sou Facebook (www.facebook.com/SomervillePublicSchools), epi sou Twitter - @svilleschools (www.twitter.com/svilleschools).

A ki lè lekòl ap ouvè nan jou n ap kòmanse pi ta yo? Ka genyen yon dezèdtan reta sou lè nou konn kòmanse lekòl nòmalman yo ouswa sou lè pwogram ou an.

Pou paran/gado ki dwe nan travay anvan lè yo kòmanse pi ta a, eske y ap ka depoze timoun yo lekòl la bone nan? Si se konsa, nan sa ki tan? Wi. Tout lekòl ap disponib pou paran depoze timoun yo apati 9 ve edmi nan maten. Tanpri, pa depoze oswa pèmèt elèv ou a mache ale nan lekòl li a anvan 9:30 paske lekòl yo pap ouve epi pap gen anplwaye anvan lè sa a.

Eske y ap sèvi dejene? Si wi a ki lè? Ap gen yon dejene frèt ki gen sereyal, lèt, ak fwi disponib nan chak lekòl ant 9:30 ak 10:00 a.m. pou elèv sa yo ki pa kapab jwi yon dejene nitritif lakay yo anvan yo rive nan lekòl la.

Kijan sa pwal afekte orè otobis la? Nou va ajiste orè otobis la pa 2 zèdtan. Tout kote y ap pase chache ouswa depoze timoun yo ap rete menm jan an.

Èske y ap sèvi manje midi? Si wi, a ki lè? Wi. Manje midi pwal gen pizza ak sandwich. Chak lekòl pwal gen yon orè modifiye pou jou yo komanse pi ta yo.

Kijan menm sa pwal afekte orè akademik la? Direktè Lekòl te devlope yon orè pou kòmanse anreta ke yo deja pataje avèk anplwaye yo.

Èske y ap ofri pwogram apre lekòl kòm dabitid nan jou y ap kòmanse pi ta yo? Wi. pwogram ak aktivite apre lekòl yo ap fèt jan yo te pwograme yo a sòf si ou resevwa yon lòt notifikasyon otreman nan menm jou a. Aktivite atletik k ap fèt lòt kote pwal depann de orè lòt kote a jou sa a.

Èske n ap gen pou n ratrape tan nan fen ane lekòl la akòz jou nou kòmanse pi ta yo? Non, yon jou nou kòmanse pi ta ap konte nan ekzijans 180 jou enstriksyon yo.